


Poukisa Ipopotam pa gen plim sou kò yo




- ✎ Basilio Gimo, David Ker
- 👤 Carol Liddiment
- 🗣️ ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- 💬 Haitian
- 📊 Level 2





Yon jou, Lapen tap mache bò yon rivyè.



Ipo te la tou, li tap flannen enpi li tap chache bèl zèb vèt.



Ipo pat wè Lapen, li mache sou pye li san'l pa konnen. Lapen tonbe rele "Anmwey Ipo ! Ou pa wè ou fèk pile'm?"



Ipo eskize li bò kote Lapen. Li di li “Eskize’m, mwen pate wè ou, tanpri padonnen’m!” Men, Lapen pa koute’l, li tonbe rele pifò “Ou fè eskprè! Yon jou, wap wè! Wap peye sa a!”



Lapen ale jwenn dife pou'l di li, "Ale mete dife sou Ipo lè li soti nan dlo a pou'l manje zèb ... Li pile'm!" Dife an reponn, "Pa gen pwoblèm Lapen, zanmi mwen, mwen pral fè sa ou mande mwen la a"



Yon lòt lè, Ipo tap manje zèb byen lwen bò rivyè a. Dife pete Woush!" enpi gwo flanm kòmanse boule plim Ipo.



Ipo pete kriye, li kouri nan dlo a. Tout plim sou tèt li te gen tan boule. Ipo kontinye kriye, “tout plim tèt mwen boule nan dife a! Bèl plim sa yo !”

Ipo pete kriye, li kouri nan dlo a. Tout plim sou tèt li te gen tan boule. Ipo kontinye kriye, “tout plim tèt mwen boule nan dife a! Bèl plim sa yo !”





Storybooks Haiti

global-asp.github.io/storybooks-haiti

Poukisa Ipopotam pa gen plim sou kò yo

Written by: Basilio Gimo, David Ker

Illustrated by: Carol Liddiment

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook (africanstorybook.org) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons
[Attribution 3.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0/).